ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКI

№107 (23.515) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 8, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## УФ-м и вице-премьер Козак Д. Н. и унафэм щIэту Москва щекIуэкIащ щIыналъэхэм я зыужьынигъэмкIэ правительственнэ комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А.

**Урысейм и вице-премьер Козак Дмитрий и унафэм щIэту Москва щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я зыужьынигъэмкIэ правительственнэ комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр ыи Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.**

ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКIЫШХУЭ щымыIэу щIыналъэ бюджетхэр зэхуэгъэкIуэн папщIэ ахъшэ къратыну зэрызэгурыIуар зэрагъэзащIэм, УФ-м и щIыналъэхэм къагъэсэбэп ахъшэр здэкIуэр къэзыгъэлъэгъуну автоматизированнэ реестр къызэгъэпэщыным, федеральнэ бюджетым щыщ щIыналъэхэм зэрытрагуашэм, къэрал щIыхуэм зэрыхагъэщIынум - абыхэми нэгъуэщIхэми тепсэлъыхьащ зэIущIэм хэтахэр.

КъаIэта Iэхуэхэм теухуауэ къэпсэлъащ УФ-м финансхэмкIэ и министр **Силуанов А. Г.**, УФ-м юстицэмкIэ и министр **Коновалов А. В**.

Къэрал щIыхуэмрэ абы щхьэщатыкIымрэ ягъэмэщIэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Программэ щагъэбелджылащ, 2017 - 2019 гъэхэм хэриубыдэу ягъэзэщIэн хуейуэ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ хэхъуэр нэхъыбэ зэращыфыну Iэмалхэр, къэрал, муниципальнэ щIыхуэр зэрагъэмэщIэнур, коммерцэ щIыхуэ лъапIэхэр пIалъэ кIэщIым тещIыхьа бюджет ахъшэкIэ зэрызэпхъуэкIыжыфынур, нэгъуэщIхэри.

**ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.**

## ФедерацэмкIэ Советым и лIыкIуэ гуп, Ульбашев М. М., Дидигов М. И. я пашэу, лэжьыгъэ Iуэхукlэ Узбекистан Республикэм щыIащ

**Урысейм и лIыкIуэхэм яхэтащ промышленностым и лэжьакIуэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм КъБР-м щIэ къудамэм и унафэщI - «Тэрчналмэс» АО-м и директорхэм я Советым и унафэщI Хьэжу Владимиррэ «Тэрчналмэс» АО-м и генеральнэ директор ЛIэужь Адэлбийрэ.**

ТАШКЕНТ щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым налмэсым къыхэщIыкIауэ щащI Iэмэпсымэхэр Узбекистаным и геологхэм, ухуакIуэхэм, промышленнэ предприятэхэм ирагъашэу зэтраублэным пыщIа Iуэхухэм. ЛъэныкъуитIыр абыхэмкIэ зэгурыIуащ.

Зэманым къигъэувым тещIыхьауэ заводыр щIэрыщIэу зэрызэщIауэздам и фIыгъэщ налмэс Iэмэпсымэхэр нэгъуэщIхэм ейм ефIокI, ахэр урысей, хамэ къэрал оборудованэ лIэужьыгъуэ псоми яхуэкIуэ зэрыхъуар.

УФ-м и лIыкIуэу Узбекистаным щыIэ Тюрденев Владимир гупыр хуэзащIи икIи ар щагъэгъуэзащI лъэныкъуитIыр зэрызэпсэлъам кърикIуам.

*«Тэрчналмэс» АО-м къитащ.*

# Мыхьэнэ хэха зиIэ махуэшхуэ

**Сабийхэм къащхьэщыжьныкIэ дунейпсо махуэм КъБР-м и Парламентым и депутатхэр ялъыгъуэзащ цIыкIухэм я узынщагъэр щызэтрагъэувэж, ахэр гъащIэм щыхагъэзэгъэж «Нэмыс» республикэ центрым щыIэхэм.**

ГУФIЭГЪУЭ дауздапщэхэр зэхаублэн ипэкIэ КъБР-м лжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альбертрэ** Iуэхущапlэм и унафэщI **Къардэн Адэлбийрэ** ящыгъуэ депутатхэм пщIантIэр, сабийхэр щыпсэу пэщхэр къызэхакIухьащ. Депутатхэм ягу ирихьащ цIыкIухэр зыхуей хуэзэн, тэмэму еджэн папщIэ къыхуэзрагъэпэща Iэмалхэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщащ Сабийхэм къащхьэщыжьныкIэ дунейпсо махуэм, хабзэ хъуауэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр сабий Iуэхущапlэхэм, псом хуэмыдэу гугъуехь пыухыкIахэм хэхуа цIыкIухэр щапlхэм, зэрыкIуэр.

- Депутат псори нобэ езыхэм я нэIэ зытет сабий Iуэхущапlэхэм кIуащ цIыкIухэр ягъэгъуфIэн, тыгъэхэр иратын папщIэ. Дунейм сабийхэмрэ сабиигъэмрэ нэхъ пIалъэ зыри теткъым. Егъэджэныгъэм щIэуэ куэд хэзыльхьа педагог цIэрыIуэ Сухомлинский В. А. жиIэу щытащ «сабиигъуэм и илъэсхэр псом япэу цIыкIухэм я псэр къыщагъэуш зэману» зэрыщыгъыр, сыту жыпlэмэ псэм и фIыгъуэ псори къыщежьэр а зэманырщ. А зэманым цIыкIухэм яIэ гурыфIыгъэмрэ гукъыдэжьымрэ куэдкIэ елъытащ абыхэм я гъащIэр адэкIэ зэрыхъунур, яхэпlыну цIыхугъэмрэ гущIэгъумрэ. Аращ мы махуэшхуэм мыхьэнэ хэха иIэу къыщIэтпытыр.

Сэ си хьуэпсапlэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна, гъащIэ гугъуехьхэм хэхуа цIыкIухэм папщIэ Iуэхущапlэхэм я бжыгъэм гъэ къэс кIэрыхуурэ екIуэкIыныр, абыхэм дахуэмеижьыхэ хъуныр, дэтхэнэ зы сабийми унагъуэ гуфIэгъуэмрэ адэ-анэхэмрэ иIэныр», - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Гуфlэгъуэм сабийхэм я къафэхэмрэ уэрэдхэмкIэ пащащ. Егоровэ Татьянэ абыхэм ехъуэхъуащ узынщагъэ быдэ, насыпI яIэну, зыщIэхъуэпс псори къехъулIэну.

Сабийхэм я дунейпсо махуэммкIэ, апхуэдэу гъэмахуэм и япэ махуэмкIэ цIыкIухэм ехъуэхъуащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **Гекжиев Заур**. Абы центрым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ я Iэнатlэм псэемыблэжу зэрыпэрытым, сабийхэм гущIэгъурэ гуапагъэрэ яхэпlу зэрадэлажьэм папщIэ.

Абыхэм я жэуапу къыщыпсалъэм центрым и унафэщI Къардэн Адэлбий къыхигъэщхьэхукIащ нобэрей хьэщIэхэм сытым дежи цIыкIухэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр. Абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ щIэгъэкъуэныщхуэ зэрыхъур. «Нэмыс» центрым иджыпсту сабийуэ 67-рэ щыIэщ. А псори гугъуехь пыухыкIахэм хэхуа, зеиншэу е адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна цIыкIухэрщ.

- Дэ мы Iуэхущапlэм илъэс зыбжанэ гъащIэрэ ди нэIэ тедгъэтщ, зэрытхуэзфIэкIкIэ дыдоIэпыкъу. Илъэсищ япэкIэ мыбы сабийуэ 90, илъэситI япэкIэ 80 щыIамэ, иджы абыхэм я бжыгъэр 67-м нэсу ехащ. Ар дэ псори дызыщыгугфIыкI Iуэхущ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Афэщагъуэ Михаил**.

Сабийхэм къащхьэщыжьныкIэ дунейпсо махуэм КъБР-м и Парламентым и депутатхэр апхуэдэу щыIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэкмкlэ и министерствэм сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ папщIэ и интернату Нартан къуажэм дэтым, КъБР-м Узынщагъэр хъуэмэныжьмкIэ и министерствэм и республикэ сабий унэм, Прохладнэ къалэм щыIэ сабий унэ-интернатым, Приближнэ станицэм дэт интернат еджапlэ хэхам.

**БАТЫР Любэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Социальнэ Iэнатlэм и лэжьакIуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Си гумрэ си псэмрэ къабгъдэкIыу сынывохъуэхъу фи Iэщlагъэм теухуа махуэшхуэмкIэ.

Фэ фи гъащIэр тевуауащ щытыкIэ гугъум ихуа, дэIэпыкъуэгъуэ гулъытэрэ хуэныкъуэ цIыхухэм защIэгъэкъуэн Iуэхум.

Къыхэфха Iэщlагъэм фызэрыхуэкIуэлъэкIуэм, фызэрыцIыхуфIым, гу къабзэ фызэрИэм, гущIэгъу зэрыфхэлъым я фIыгъэкIэ фэ фи къалэнхэм щIыхь пылъу фохъулIэ.

Цlыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэныр къэралым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм, республикэм и властым и органхэм зэпымыууэ я нэIэ зытрагъэтхэм ящыщщ.

Шэч къытесхьэркъым социальнэ лэжьакIуэхэм я къалэнхэр дяпэкIи жэуаплыныгъэшхуэ пылъу зэрагъэзэщIэнум.

Уэныншагъэ быдэ, насыпI фиIэну, фи Iуэхуэкр сыткIи ефIэкIуэну си гуапэщ.

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий.***

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщу щIыуэпсым и лъэныкъуэкIэ хэхауэ яхъумэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр зэрагъэзащIэр кIэлъыплъыныгъэ щхьэхуэм щIэгъэувэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 30-нэ и 33-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и пункт 1-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщу щIыуэпсым и лъэныкъуэкIэ хэхауэ яхъумэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр зэрагъэзащIэр кIэлъыплъыныгъэ щхьэхуэм щIэгъэувэн.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщу щIыуэпсым и лъэныкъуэкIэ хэхауэ яхъумэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныгъэ жэуапыр и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, щIы Iуэхуэмкlэ и комитетым.

3. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуегъэхьын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм накъыгъэм и 25-м*
*№706-IП-П*

## Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ Тэрч къалэм щохьэщIэ

**УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ «Къалэ мыинхэм я паркхэр» парт проектыр зэрагъэзащIэм щыгъуазэ зищIын папщIэ иджыблагъэ щыIащ Тэрч муниципальнэ районым хыхьэ Тэрч къалэм. А жылагъуэр хэхуащ ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа парт проектыр щагъэзэщIэну къалэхэм.**

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и проектыр гъэзэщIэныкIэ жылагъуэ советым хэтхэм щахуэзам депутатым къыхигъэщхьэхукIащ районым, къалэм я щIыналъэ администрацэхэр, жылагъуэ советым хэтхэр, апхуэдэу республикэм и министерствэхэм ящыщу Iуэхум егъэщIылIахэр зэгурыIуэу зэрелъэкIыжьынымрэ зэрыцIыкIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу «Къалэ мыинхэм я паркхэр» проектым хэхуа муниципальнэ щIыналъэплIым я Iэтащхьэхэм депутатым яжриIащ мы проектым елъэкIыныкIэ сытым дежи зэчэнджэщыну.

Марьяш Иринэ проектыр гъэзэщIэным теухуа документацэм еплъащ, паркыр къыщызэрагъэпэщыну щIыпIэм щыIащ.

«Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалхэр.

♦**1995 гъэм** Урысейм и президент Ельцин Борисрэ Украинэм и президент Кучмэ Леонидрэ Сочэ Iэ щытрадзащ тенджыз ФIыщIэ флотыр зэрагуэшыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦Япэ урыс император **Пётр Езанэр** къызэралъхурэ илъэс 345-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Чым Агнессэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Блахъуэ Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

## Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 8, *махуэку*

♦**Хыхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ**. 1701 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ факъырэхэм, сымаджэхэм, жьы хуэахэм щхьэгъэзэлIэ яхуэхъун унэхэр къызэIухыным теухуауэ. Унафэм кIигъэувырт зи щхьэ сэбэп хуэмыхъужьыф цIыхуипщI къэс зы якIэлъыплъу а унэхэм щылэжьэн хуейуэ. Абдеж къыщежьащ цIыхухэм социальнэу защIэгъэкъуэным хуэгъэпса Iэнатlэр.

♦**Карелие Республикэм и махуэщ**. 1920 гъэм къызэрагъэпэщащ иджырей республикэм лъабжьэ хуэхъуа Карелие лэжьакIуэбэ коммунэр.

♦**1786 гъэм** дунейм щыяпэу Нью-Йорк и тыкуэнхэм морожнэ къыщIалъхьащ.

♦**1815 гъэм** Польшэм и щIыналъэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, Урысей империем къыхагъэхьащ.

♦**1824 гъэм** Канадэм щыщ Кашинг Ноа зэрыжьыщIэ машинэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ дэфтэр иратащ.

♦**1843 гъэм** Урысейм и пащтыхь Николай Езанэм и унафэкIэ Урысейм щыщIадзащ Петербургрэ Москварэ зэпызыщIэну гъущI гъэзгур ухуэн. Абы куэдрэ «Николаевскэ гъущI гъэзгу» жаIэу еджащ, иджыпсту Октябрьскэ цIэр зэрехьэ.

♦**1869 гъэм** Америкэм щыщ Макгаффи Айвз сабэщыпI зэрызэпкърилъхьам щыхьэт техъуэ тхылъ иратащ.

♦**1934 гъэм** Женевэ Iэ щытрадзащ СССР-м, Румынием, Польшэм я къэрал гъунапкъэхэр зэрагубзыхуам теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1940 гъэм** хэIущIыу ящIащ нептуний элементыщIэр къызэрахутар.

♦**1943 гъэм** налшыкдзс интеллигенцэм фашистхэм я бийуэ пэкIу ирагъэкIуэкIащ.

♦**1946 гъэм** Журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1946 гъэм** Инджылызым и къалащхьэ Лондон ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIащ, фашист Германиемрэ Япониемрэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм зэрыщыхагъэщIар ягъэлъапIэу.

♦**1958 гъэм** СССР-м футболымкIэ и командэ къыхэкар япэу хэтащ дунейпсо чемпионатым.

♦**1966 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хуэмэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦**1988 гъэм** къащтащ «СССР-м кооперацэм зыщегъэужьыным теухуауэ» законыр. Абы хьэрычэтыщIэхэр я щхьэ хуэлэжьэжьну хуит ищIырт.

♦Кхъуэхьатзэхуэ Iэзэ дыдэу щыта, «Совет Союзым щэнейрэ и ЛIыхъужь» **Кожедуб Иван** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦«ЩIэблэщIэ гвардие» щэхурылажьэ щIалэгъуалэ партизан зэгухьэныгъэр Краснодон къыщызэзыгъэпэщащ яхэта, абы и унафэщIу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр (хэкIуэдауэ) зыфIаща **Кошевой Олег** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, Урысей артидэм и лауреат **Махуэлl Хьаджэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Эверест дэкIа адыгэ бзылъхугъэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэз Каринэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 9, *мэрем*

♦**Зэныбжьэгъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Аккредитацэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1719 гъэм** Пётр Езанэм урысей губерниехэр щIыналъэ щхьэхуэхэурэ зэпыудыным теухуа унафэ къыдигъэкIащ.

♦**1737 гъэм** Москва мафIэсышхуэ къыщыхъуащ. Ар а къалэм къыщыхъуа мафIэс нэхъ ин дыдэхэм хабжэ. Лыгъейм зэщIищтат къалэкр, уеблэмэ Кремль Уардэунэри исат.

♦**1883 гъэм** Москва тхыдэ музей къыщыдзэIуахащ.

♦**1935 гъэм** Iуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу гупышхуэ дэкIащ.

♦**1945 гъэм** СССР-м щагъэуващ «Берлин къызэращтам папщIэ», «Будапешт къызэращтам папщIэ», «Венэ къызэращтам папщIэ», «Кёнигсберг къызэращтам папщIэ», «Белград хуит къызэращIыжам папщIэ», «Варшавэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалхэр.

♦**1995 гъэм** Урысейм и президент Ельцин Борисрэ Украинэм и президент Кучмэ Леонидрэ Сочэ Iэ щытрадзащ тенджыз ФIыщIэ флотыр зэрагуэшыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦Япэ урыс император **Пётр Езанэр** къызэралъхурэ илъэс 345-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Чым Агнессэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Блахъуэ Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Блэбгъэкlым ухущIогъуэж.**

**Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ**

**«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!**

**Фигу къыдогъэкIыж 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр зэрекIуэкIыр.**

**Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэлIейкIи 10-рэщ.**

**Ди индексыр 51531**

ПОЧТА РОССИИ

# Улахуэм хэгъэхъуэным йолэжь

● ЗэІущІэхэр

**КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ уэныншагъэр хъумэныжьмкІэ и комитетым иджыблагъэ иригъэжьэкІа зэІущІэм щытепсэлъэхьащ республикэм и лэжьакІуэ щхьэхуэхэм я улахуэм зэрыхагъахъуэ Іэмалхэм. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим.**

ЗЭІУЩІЭР къыщыззэІуихым, КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ уэныншагъэр хъумэныжьмкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен** жиІащ егъэджакІуэхэм, дохутырхэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я улахуэм хуэм-хуэмурэ хэгъэхъуэныр УФ-м и Президент Путин Владимир и «накъыгъэ унафэхэм» нэхъыщхьэу къыщигъэлъэгъуахэм зэращыщыр. «А унафэм Іэ зэрыщІидзэрэ ильэситху дэкІащи, игъуэ хъуащ тхуэзэфІэкІар къэтпщытэжыну, - жиІащ Къэжэр Хъусен.

Іуэхум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Ацкъан Ратмир**. Абы зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ноби лэжьыгъэхэр щоклоэкІ бюджет Іуэхущ1анІэ Іутхэм я улахуэм хэгъэхъуэным ехьэлІауэ, псом хуэмыдэу социальнэ ІэнатІэм Іут лэжьакІуэ щхьэхуэхэм я улахуэр 2018 гъэм ирихьэлІэу УФ-м и щІыналъэхэм ику иту къыщащыхьэ и проценти 100 - 200-м нагъэсыным.

Унафэр ягъэзэщІэн зэрыщІадзэрэ, лэжьакІуэ щхьэхуэхэм ику ит я мазэ улахуэм тІэкІу-тІэкІуурэ ахъшэ хъарэзынэ хагъэхъуащ. Апхуэдэу 2017 гъэм и япэ мазищым къапщытащ псоми зэхэту лэжьакІуэ 46123-рэ щылажьэ бюджет Іуэхущ1анІэ 567-рэ. ЕгъэджакІуэхэм ику иту кІахь улахуэр сом мин 20-рэ 652,4-рэ мэхъу, абы процент 46,9-кІэ хэхъуащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и ІэнатІэхэм ику иту къыщахь улахуэр сом мин 20-рэ 375,5-рэ хъуащ, социальнэ Іуэхущ1анІэхэм - сом мин 14-рэ 992,9-рэ. Щэнхабзэ Іуэхущ1анІэхэм 2017 гъэм и япэ мазищым ику иту къыщахьащ сом мин 15-рэ 328,4-рэ, ар «гъуэгу картэм» къыщыгъэлъэгъуам и процент 83,5-рэ хъуэ ораш, абы проценти 6,5-кІэ кьыкІэроху.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министрым и къуэдзэ **Къуэлуфэ Аслъэн** тепсэлъыхьащ медицинэ лэжьакІуэ щхьэхуэхэм я улахуэм зи кьалэныр тэмэму зыгъэзащІэр зэрыграгъэгушхуэ Іыхьэри къыхэлъытауэ зэрыхагъахьуэм.

ЗэІущІэм щыжаІар къэпльытауэ, КъБР-м Лэжьыгъэмкі, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къыззэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министерствэмрэ абы зи гугъу ящІа ІуэхухэмкІэ къепхахэмрэ пщэрылъ щащІащ улахуэм хагъэхъуэным тепсуауэ щыІэ унафэр адэкІи ягъэзэщІэну.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1анІэ.*

● Кулиев Къайсын и махуэшхуэ

100

**Балъкъэр усакІуэ Кулиев Къайсын илъэс 60 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ зэІущІэм.** *Сэмэгумкіэ къыщыщІэдзауэ:* **Михалков Сергей, Щоджэнцыкіу Іэдэм, Мэлбахъуэ Тимборэ, Карим Мустай, Кулиев Къайсын, Геттуев Максим.** *Сурэтыр* **Шпанагель Эткар** *трикаж. 1977 гъэ*

● Прохладнэ щыналъэ

# Мэзхъумэхэр зыгъэпІейтейр

**Прохладнэ щыналъэм и мэзхъумэхэм я унафэщІ Поляков Александр зэрыжиІэмкІэ, жылагъуэхэр зыпэгъунэгъу щІыпІэхэрщ нэхъыбэу я нэІэ зытрагъэтынур.**

КЪУАЖЭДЭСХЭМ зыщагъэпсэху щІыпІэхэр щагъэжъэбзэжыр зэззэмызэхэщ. Ар щІыуэпсым йогуагъэ. КьищІынэмыщІауэ, унагъуэхэм кьахэкІ, пхъэнкІий дэшыпщІэр ямытын папщІэ, мэз лъапэм дэшыу щизыкІутхэр. «Дунейр зэтезыІыгъэ щІымрэ псымрэ апхуэдэу фІэкІа къызыфІэмыІуэхуэхэм тезыр ятелъхьэн хуейщ. Ауэ гугъур ахэр къэбубыдынырщ - жэщущ зэрыдашыр», - къыхегъащ мэзхъумэм.

Мэзым хьэуар зэригъэкъабзэм къыщынэмыщІауэ, цІыхум я шхынныгъуэ щхьэхуэхэри къыщІахьу щытащ, ирехьу ар кхъужь цІыкІу, зэ, щІымэракІуэ. ЩІымэракІуэр кІуэдыжьпащ. Абы и щхьэусыгъэри щІыуэпсым хуащІу щыта гулъытэр зэрыщІымыІэжырщ. ЩІымэракІуэр езыр телъыджэщ - щІыпІэ къабзэ фІэкІа къыщыкІыркъым.

Мэзым и лэжьакІуэхэр жылагъуэ гъунэгъуэхэм щыпсэуэхэм йопсалъэ, езыхэм зэрахуэзфІэкІкІэ кІэрыхуфбжьэрыхуэхэр зэщІакъуэ, къэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ зэран яхуэмыхъун хуэдэу.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

● Іуэху зехьэкІэ пэрыт

# Я псэр щотынш

**Ди къалащхьэм и щІыпІэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыщ Налшык психоневрологие интернатыр здэщытыр. Къатитіу зэтет унэшхуэр къеухъуреихь щхьэантІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІа, тетІысхьапІэ тыншхэр зэрыт парк щыкІуи. Псантхуэ и лъэныкъуэкІэ зи узыншагъэм сэкъат иІэхэмрэ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ псэ тыншыгъуэ ягъуэту абы щыІэным къызыхэтыншэу хуэщІащ Іуэхущ1анІэр. Жьы къабзэри, щхьэантІагъэри, интернатым и пщІантІэ хуитым щагъэтІыса удз гъагъэ зэмыфэгъуэхэри - псори зыхуэлажьэр абы щыпсэуэхэм я узыншагъэр зэтегъуэвэжынырщ, гъащІэр щызу ирахьэкІынырщ.**

Ныр Андзор

ИНТЕРНАТЫМ и унэм нэхъапэІуэкІэ щІэсащ зи зыужьныгъэкІэ адрейхэм къакІэрыху сабийхэр. 2012 гъэм абы къыщыдзэІуэхащ зи узыншагъэм психикэ и лъэныкъуэкІэ ныкъусаныгъэ иІэ, 1-нэ, 2-нэ гупхэм хиубыдэ ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ балигъэр щыпсэуным е пІалъэкІэ щыгъэІэным хуэщІа интернат. Іуэхущ1анІэм и унафэщІщ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэтьакіуэ Ныр Андзор.

- Ди интернатым щыІэхэм ди деж щагъуэт яхуэфэщэн медицинэ, социальнэ дэІепыкъуныгъэхэр. Абыхэм ящыщщ сымаджэхэм хущхьуэ екьэлІэныр, психотерапием, физиотерапием я Іэмалхэмкіэ сэбэп яхуэхъуныр, зэрыхуэкІэ гъащІэм хэгъэувэжыныр, - жеІэ Нырым. - Интернатыр къыззрызэІуэхрэ блэкІа ильэситхум абы щызэфІэх лэжьыгъэм хэпщІыкІыу зиужьащ, сымаджэхэм яхуэтщІэ Іуэхутхьабзэхэр, кІэлъыплъныныгъэр егъэфІэкІуэным дапщэщи дыхущІокъу абы и лэжьакІуэ псори.

Іуэхущ1анІэм щолажьэ шхапІэ хьарзынэ. ПщапфІэхэм сымаджэхэр махуэм плІэ ягъашхэ, гъэм и зэманым ельытауэ ахэр зыхуэныкъуэ пкъыгъуэхэр зыхэлъ ерыскъыкъкІэр зи лъабжьэ шхын къуэаткІэ. Ахэр яхуапэ, зыхуэй Іуэхутхьабзэхэр къыхуащІэ.

Интернатым мыхьэнэшхуэ щрат абы щыпсэуэхэм унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ ядэлэжьэным. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, я Іэпкъльпкъым щыщ пкъыгъуэхэм я лэжьэкІэр зэтегъэувэжыным хуэгъэпсэ Іуэхугъуэхэр абыхэм зэфІегъэхьныр, я щхьэм кІэлъыплъыжьфу, къабзэлъабзагъэр ягъэнэхъапэу абы щыІэныр кьыззэгъэпэщыныр. Нырым зэрыжиІэмкІэ, я деж щыІэ дэтхэнэ сымаджэми хэхауэ бгъэдохьэ икІи лэжьыгъэ къызэрыхуэхьэр я узыншагъэр зэтеувэжыныкІэ щхьэж нэхъ зыхуэныкъуэр къалъытэурэщ. ГуащІэдэкІ лэжьыгъэр сэбэп мэхъу психоневрологие и лъэныкъуэкІэ зи узыншагъэм ныкъусаныгъэ иІэхэр ГъащІэм хэшэжьныныкІэ, абыхэм я гукъыдэжыр кьэІэтыныныкІэ, ерыскъым гур хуэІэфІ хуэгъэхъужьныныкІэ, я жейр зэтеувэжьныныкІэ, Іэпкъльпэпкъым и физиологие Іэмалхэр я пІэм игъэувэжьныныкІэ.

- «Лэжьыгъэ терапиекІэ» дызэдж а Іуэху бгъэдыхьэкІэм ди интернатым гулъытэшхуэ щыхудощІ, - пещэ Нырым. - Апхуэдэжэщ пхъащІэ мастерской, жьыщІанІэм, шхапІэм ди деж щыпсэуэхэр щыгъэлажьэныр, я хьарурэ зэзэфІэкІрэ къыззрихьым ельытауэ. Лэжьыгъэ терапием и зы Іыхьащ гарденотерапиери. Ар хуэунэтІащ сымаджэхэр щыпсэуэпсым дегъэхьэхьным. ЖьыпІэнурамэ, ди деж щыпсэуэхэр хуабжьу дахьэх абы епха псоми. Абыхэм псом хуэмыдэу яфІэфІщ ди Іуэхущ1анІэм къепха хадэ щыкІым удэ гъагъэхэр, нэгъуэщІ іэпкъыгъэхэр щыхэсэну. Псори дрогушхуэ, къытхуэкІуэ хьэщІэхэми дрипагэу ядогъэлъэгъу абыхэм я къарукІэ къызэгъэпэща хъуа розэ хадэ дахэр. Ди нэІэм щІэтхэр лэжьыгъэм хьдошэ жьлэ щыкІуэр хэсэным деж къыщыщІэдзауэ гъавэр Іухьажьным нэс. Жьы къабзэмрэ гупу зэрылажьэмрэ хэпщІыкІыу кьаІэт сымаджэхэм я гукъыдэжьр. Апхуэдэу абыхэм я псэм дэрэжэгъуэ егъуэт, ягъэзэщІэфа лэжьыгъэр щалъагъужькІэ.

А программэм апхуэдэу хохьэ зыщІэс пэшхэр кьабзэу щытыным езыхэр кІэлъыплъэлІьыжьным, интернатым и пщІантІэр зэлъыпхьыныр, нэгъуэщІхэри. А къалэнхэр зи пщэрылъ лэжьакІуэ интернатым щыІэщ, сы-

маджэхэми абыхэмкІэ ящыгугъыу щытхъым, ауэ хьэхэщыпхъэщ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр, псом япэрауэ, езы сымаджэхэм я щхьэм, я узыншагъэм я сэбэпу зэрыщытыр.

Апхуэдэу интернатым къыщагъэсэбэп арттерапием и Іэмалхэри. Абы щыпсэухэм я щэнхабзэ зэхэщІкІыр къэІэтыным хуэунэтІащ а унэтІныныгъэр. Гупу зэдзэлажьэным, щхьэ закъуэ гупсысэмрэ гукъыдэжьынщагъымрэ ахэр къыхэшыным хуэгъэпсауэ интернатым къыщыззрагъэпэщащ гупжьей зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм екІуалІэхэр драгъэхьэх хэдыкІыным, цы зэІущІэным, сурэт щІыным, пластилиным хьэпшыпІ цыкІу гуэрхэр къыхэщІыкІыным, пхъэм декоративнэу елэжьыным. Арт-терапиер сэбэп мэхъу а сымаджэхэм я гупсысэм творческэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьынымкІэ, абыхэм ябгъэдэлъ художественнэ зэчийр сэтей къэщІынымкІэ. Интернатым щыпсэухэм я Іэдакъэщ1экІхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр щІэх-щІэхьурэ къыщыззрагъэпэщ езы Іуэхущ1анІэмк ди республикэм и музей зэмылІэужьыгъуэхэмк.

Цыхум гукъыдэжр игъуэтынымкІэ макъамэм иІэ мыхьэнэр кьагурыІуэу, интернатым и лэжьакІуэхэр сымаджэхэм ядолажьэ макъамэ терапие, кинотерапие я лъэныкъуэкІи. Іэщ1агъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, гъэазджэр хэпщІыкІыу сэбэп хуохьу абыхэм я психикэ щытыкІэм. А псори кьалъытэу, интернатым пщыхьэщхьэ щІагъуэ дэмыкІыу щызэхашэ уэрэдхэмрэ кьафэхэмрэ я пшыхьэр. Іуэхущ1анІэм щыпсэухэм щІэх-щІэхьурэ кьахуокІуэ КъБР-м и артист цІэрыІуэхэр, творческэ гуп зэмылІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэу сымаджэхэр тхъэмахуэм тІэунейр гуп-гупурэ ирагъэпІь кино зэмылІэужьыгъуэхэм, щхьэж дэзыхьэхрэ зыхуэныкъуэ темэкІэ зэщхьэщ1ахауэ. Иужьк1э зэгъусэу ахэр топсэлъыхьыж фильмым, абы хэлъа фІымрэ Іейм рэ яубыхуу, езыхэм я щхьэм хуэпхь хьуну хэкІыпІэхэр щалъагъужи щыІэу.

Интернатым щыпсэухэм я гъащІэм щІэщыгъуэ гуэрхэр хэлъхьэным гулъытэ щыхуащІ абы. Абыхэм я нэгу зыщрагъэужь кьалэм, республикэм иІэ щІыпІэ дахэхэм. Нырым зэрыжиІэмкІэ, абыкІэ сэбэп мэхъу социальнэ туризмкІэ зэджэ Іэмалыр. Зи психикэм сэкъат игъуэта цІыхур гъащІэм нэсу хагъэувэжьын щхьэкІэ, ахэр щІэх-щІэхьурэ яшэ муэйхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм, концертхэм, зыщрагъэплъыхь ХьэтІохъущокъуэм и хадэм, Налшык и зоопаркым. Нэгузыужь программмэ хэкам тету, абыхэм папщІэ къызэрагъэпэщ хабзэщ махуэ псо зытрагъэкІуадэ зекІуэжри. Апхуэдэу интернатым щыІэжэр мызэ-мытІэу яшащ. Щэджэм псыкъелъэхэм, Гуэл щхьэнтІэхэм, Аушыджэр къыщыщІэж псы хуабэм. А Іуэхугъуэжэр хуэгъэпсащ абыхэм я щхьэ мыгъуагъэ хуамыхьыжу, адрей цІыху къызэрыгуэкІхэм хуэдэу ягурэ я щхьэрэ зэтелъу зэрыпсэуфынымкІэ быдагъэ яхэлъхьэным.

Абыкіэ сэбэпышхуэ мэхъу абыхэм спорт, физкультурэ я лъэныкъуэкІэ жьыджэру зэрадэлажьэри. Интернатым тхъэмахуэм тІэу спорт сыхьэтхэр щокІуэкІ. Абы къыззщІедыбыдэ Іэпкъльпкъыр зыпсыхь, абы зезыгъэужь дерсхэр, зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, къафэ зэхуэмыдэжэр зэгъэщІэнэр.

- Гур хэмыхъуэу къанэркъым ди деж щыІэхэм я нэгум гукъыдэжрэ дарэжэгъуэрэ щитлъагъуэкІэ. Ахэр лъэ быдэкІэ гъащІэм хэгъэувэжьныinjщ сызипашэ Іэщ1агъэлІ гупым я зэфІэкІхэр зытеухуар, - жеІэ унафэщІ щыпкъэ. Ныр Андзори дохъуэхъу я лэжьыгъэмкІэ кьахь псапэр бэгъуауэ Тхъэм кьабгъэдилъхьэжьну, насып, гуфІэгъуэ, дэрэжэгъуэ щымыщІэу куэдрэ псэуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Іэщ1агъэхэр

# ЕджапІэм и бжэхэр зэІуех

**Хьэмдэхъум и цІэр зэрихьэу Старэ Шэрэдж дэт мэкъумэш промышленнэ колледжым «Бжэ зэІухахэм я махуэ» щекІуэкІащ.**

ЗЭІУЩІЭМ ирагъэблэгъар колледжым къуит Іэщ1агъэхэр зэзыгъэгъэзэтыну хуей ныбжьыщІэхэрщ. Кьапщтэмэ, еджапІэм иІэщ зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ тэмэму кьызэгъэпэща пэш 48-рэ. Абыхэм яхэтщ лабораторхэр, студентхэр щрагъаджэ классхэр, пльащапІэхэр, спорт пэш, библиотек, нэгъуэщІхэри. Колледжым иІэщ абы щеджэхэр щыпсэу, псыгуэн, шхапІэ зэпэщхэр. Куэд щІакъым автомобиль паркыншхуэ зэрирухуэрэ. Еджакіуэхэм стипендие къратынущ, пщІэнІэзу ягъэшэнущ.

Колледжым и унафэщІ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Сэхъурокъуэ Анатолэ жиІащ еджапІэр къыщыдзэІуаха 1924 гъэм къыщыщІэдзауэ нобэм къэсыху мыбы игъэхьэзыращ мэкъумэш Іэнатіэм и лэжьакІуэу мин 16. Абыхэм кьахэкІащ Социалист Пэжьыгъэм и Пльыхьжьхэр, Лениным и саугъэт лъапІэхэр зыхуагъэфэщащэр. Абыхэм яІа зэфІэкІыр ноби щІэблэмкІэ щапхъэ нэсщ.

Хьэщ1эхэр еджапІэм къыщрашэкІащ, абыхэм ирагъэлъэгъуащ дэрбэзр, пщафІэ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщ1экІхэр.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Асир.**

● ● ●

# Дэтхэнэ зыми

**Къэбэрдей-Балъкъэрым къудамэ куэду зэхэт и щІалэгъуалэ центрыр долажьэ республикэм и бизнес-инкубаторым. Мы махуэхэм абы МФЦ-м иригъэблагъащ Налшык промышленость псынщІэмкІэ и колледжым щеджэхэр.**

КЪАПЩТЭМЭ, КъБР-м и бизнес-инкубаторым нэхъ ин мы зэманым ЮФО-м иткъым. Абы хэтщ Іуэхущ1анІэ пэшхэр, ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэу 12-м нэс, псоми лэжьыгъэр тэмэму щызэтеублауэ. Іуэхущ1анІэм и унафэщІ Бечелов Залым щІалэгъуалэр щигъэгъуэзащ я лэжьыгъэр зыхуэдэм, пыухыкІауэ яригъэлъэгъуащ дэрбэзр цехым и ІэнатІэ псори.

МФЦ-м мыпхуэдэ зэІущІэхэр щІэх-щІэхьурэ иригъэкІуэкІыну и мурадщ, щІалэгъуалэр зыхурагъаджэ Іэщ1агъэхэр нэхъ псынщІэу кьагъэІэрыхуэн папщІэ.

Бизнес-инкубаторыр хьэзырщ хьэрычэт Іуэхум дихьэх дэтхэнэми чэнджэщ иритыну, лэжьыгъэм ехьэлІа хуэІуэхуэщІэхэм щигъэгъуэзэну.

**ГЪУКІЭПЩ Марианнэ.**

**Нобэ ЩІы Хъурейм щагъэлъапІэ щІыуэпсыр зэпІэзэрыт щытыкІэм иту кьызэтегъэнэныкІэ къыпхуэмыльытэн хуэдизу мыхьэнэшхуэ зиІэ Хьэхэм я дунейпсо махуэр.**

АР КЪЫЗЭРЫРАХЬЭЖЬЭРЭ куэд щІакъым. Дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэным егъэщІылІа къалэнхэр зыхуэдэм теухуауэ 1992 гъэм Рио-Де-Жанейрэ (Бразилие) щекІуэкІа къэрал зэхуаку конференцым къыщыхалъхьащ мэкъуауэгъуэм и 8-р Хьэхэм я дунейпсо махуэу илъэс кьэс ягъэлъэпІэну. А жэрдэмыр даІыгъащ абыхэм япэмыгъунэгъу къэралхэми. ИкІи, Пльэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Асамблее Нэхъыщхьэм 2008 гъэм къыщащта унафэм ипкъ иткІэ, къыкІэльыкІуэ ильэсым къыщыщІэдзауэ махуэшхуэм гулъытэ хэха щыхуащІ хъуащ ЩІы Хъурейм тет къэралхэм ящыщ куэдым. Апхуэдэ щІыкІэм тету Іэмал къыкъуэкІащ хьэхэм яхуэсакъын, ахэр хьумэн зэрыхуейр щыхуэхэм ягу къэгъэкІыжьыныкІэ.

ИпэжьпІэкІэ, щІыуэпсыр зэпІэзэрыт щытыкІэм иту къызэтегъэнэныкІэ хьэхэм ягъэзащІэ мыхьэнэр къыпхуэмыльытэн хуэдизу ин дыдэщ: абыхэм япсэращ хьэуам хэзэрыхьа фІейр (углекислэ газыр, нэгъуэщІхэри) куэду зыщІэзышэр, щыху мелардищым хуэдизым я щащІэр кьынэ щымыІэу хьэм кьыхахьым (бдзэжьейхэм, къэкІыгъэхэм, къинэмыщІхэм) елъытащ, нэгъуэщІхэри.

Пэжщ, ары щхьэфэм щІыхум щригъэжькІуэкІ лэжьыгъэхэм кІуэ пэтми нэхъ зэрызыщащужьым и зэранкІэ, бдзэжьей лІэужьыгъуэ куэдым кІуэдыжьпэнкІэ

шынагъуэ кьахукъуэкІащ, я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъум кьыхэкІыу. Псори зэхэту къэдгъэльагъуэмэ, дунейпсо ныи и процент 40-м нэблагъэм зэран яхуэхъуакІэщ щІыхуэхэр. Ар, шэч хэмылъу, гудзакъэ зиІэ псори зэгупсысыпхъэ Іуэхушхуэхэм ящыщ зыщ.

Дызэрыщыгъуазэщи, ЩІы Хъурейм тет хьэхэм 4 мэхъу. Ахэр ядж океанологхэм, нэгъуэщІ іэщ1агъэлІхэм. Еджагъэшхуэхэм кІуэ пэтми абыхэм кьыщащхутэ иджыри кьыздэсым зыщымыгъуэза къэкІыгъэ лІэужьыгъуэхэмрэ псэущхьэхэмрэ. Хьэхэр дэ яхуэтхъумэн хуейщ кьытщІэхьуэ щІэблэхэм. Абыхэм щІы щхьэфэм и планищыр яІыгъщ.

Иужьрей зэманыр щІыхэр джыным псом хуэмыдэжу кьаруушхуэ ирахьэлІэ щІыхъуар. Абыхэм я кууагъыр иджырей Іэмэпсымэкмкіэ кьапщытащ. Нэхъ куу дыдэу кьыщІэкІар Хы Щэхум хэт Мариан ыпІыгу Ищхьэрэхэм я ГъунэгъУ Мариан уэхырщ - зи кууагъыр километр 11-м нэблагъэрщ. Езы Хы Щэхум и цІэр кьызытехьуКІари щыІуужьпхъэу къыщІэкІынщ. ФІэщІыгъэ дахэкІэ абы «хуэупсар» 1519 - 1522 гъэхэм ЩІы Хъурейр псом япэу кхъухькІэ къызэхэзыкІухьауэ щыта Магеллан Фердинандщ, а хым и щхьэфэм зэрытета зэман кІыхьым кьриубыдэу, и псыр къуэкьубеляуэ зэи зэрымыльэгъуам къыхэкІыу.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

# Урысейм щІыхуэхэр псоми яхуегъэгъу

**Медведев Дмитрий Іэ тридзащ доллар мелуан 240-рэ хъуэ Къыргъызым тельъ щІыхуэр абы хуэгъэгъуным теухуа унафэм. Пэжщ, гурыІуэгъуэщ Къыргъызым дэ а щІыхуэр къызэрыдимытыжьыфынур. Апхуэдэуи гурыІуэгъуэщ зы къэралу дыщыщытам дызыдэпсэуа дэтхэнэми сыткІи дадэІэныкъуну дызэрыхъэзырыр къызэрыдгъэлъагъуэри. АрщхьэкІэ сыт Урысейм абы и фейдэуэ хэлъыр? Политикэ и лъэныкъуэкІэ нэхъ мыхъыми? Къыргъызым Къырымыр Урысейм зэрейр къыдльыта? Абы ди къэралым и Іуэху еплъыкІэр зэрыдиІыгъыр къыщигъэлъагъуэрэ дунейпсо зэІуищІэшхуэхэм? И щІыналъэм ди дзэр пщІэншэу щигъэІэ?**

- УРЫСЕЙР хьэлэщ. Псом хуэмыдэу щІыхуэхэр яхуэгъэгъун и лъэныкъуэкІэ, - жеІэ Мыхьэнэ ин зиІэ экономикэмкІэ институтым и Іэтащхьэ Исаев Никитэ. - Дэ апхуэдэ щІыкІэкІэ дахуэупсащ Кубэм, Монголием, Сиринэм, Ираким, Афганистаным, Узбекистаным, Боснеимрэ Герцеговинэмрэ... Иджы мис Къыргъызым доллар мелуан 240-рэ къеІытхьжынукъым. Ар сом мелард 13,6-рэ мэхъу. Апхуэдизщ, псалъэм и хьэтыркІэ, бдзэжьей промышленностым зэригъэужьын папщІэ илъэсищым къриубыдэу Іэрыхьэну КъуэкІыпІэ Жьжьэр эыщІигъуэр, апхуэдизщ ди къажьдэхэм льготэ зиІэ кредитхэр яхуиутІыпщын папщІэ Мэхъумэщ хозяйствэр зыщІэлъэІур. НэгъуэщІу жьпІэмэ, а ахъшэмкІэ Урысейм Іэнатіэ щхьэхуэхэр щыпхудэІыгъынуц!

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, къэрал кІуэлейсыз дыдэм щІыхуэр къыпхуэчыжьынукъым. Ауэ хуэбгъэгъуным щхьэ уепІэщІэкІын хуей? Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, и гъунэгъуэр дяпэкІи фІыуэ зыхущІигъэныим, ахэр, совет республикэу щыта нэгъуэщІ, хэм ещхьу, КъуэкІыпІэмкІэ е КъуэкъэпІэмкІэ емыплъэкІыным щыгугъагъэнщ. Ауэ Къыргъызым иужьу ищІахэм ныбжьэгъуГъэ хэлъу жьпІэну гуГъущ. Къапщтэмэ, президент Атамбаев А. Урысейм къыхуидэжакъым ди дзэхэм я базэр а къэралым зэрыщІэну пІалъэр гъэІэпхуэныр, абы теухуауэ нэхъапэм зэгурыІуауэ щытами.

Хуэдгъэфэщэнщ сом мелард 13-р Къыргъызыр Евразие зэгухьэныгъэм къызэрыхьыхьам щІата пщІэуэ. Пэжщ, дэ иджы мащІэу къэдгъэтІэсхъащ Тыркум кІраш хадэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ даззэрелытар. Ауэ абы щыгъуэми, 2016 гъэм Къыргъызым едгъашэм процент 21,2-кІэ хэдгъэщІащ, къитшым хуэди 2,4-кІэ хэдгъэхъащ! Аращи, гурыІуэгъуэкъым а зэгухьэныгъэм къызэрыхьыхьам хэт нэхъ и фейдэ хэлъми. Ауэ ЗыужьныгъэмкІэ урысей-къыргъызы фондым щІыхуэу доллар мелуан 500 Іэрыхьащ Урысейм къыбгъдэкІыу. Мы зэманым а ахъшэм доллар мелуан 200 кьыхахауэ Къыргъызым проект зэмылІэужьыгъуэхэр щагъэзэщІэ. Абы къыдэкІуэу пошлинэ темыльу а къэралым гази щІыдагъи Іэрохьэ. Аращи, аргуэрыжьу дэ дыхелъафэ. Абы и цІыхуэхэр іэпощхьэпоунІзу Урысейм щылажьэ мэхъу. 2016 гъэм абыхэм я хэкум доллар мелардитІ ирагъэшащ. «Газпром»-м и мурадщ Къыргъызым и газотранспорт ІэнатІэм аргуэру сом мелардищэ хилхъэну.

Сыт ямыщІами, худачых защІакІэ къэралхэр яхуэІыгъынукъым. Сыт щыгъуи кІыкъуэкІынущ нэхъыбжь кьезытыну хьэзырхэр. Абы кьыхэкІыу хуагъэзыгъуным и пІэкІэ языныкъуэхэм дежкІийуэ хуагъэувэ хьунут щІыхуэзкэр кІратыжьну. АхъшэкІэ, хьэпшыпкІэ, дзэ базэхэмкІэ - сыткІи. Аращ Урысейм и экономикэм и зэфІэкІ дунейм кІыщигъэлъэгъуэну щыІэ Іэмал зэкъуэр. Ар Къыргъызым и мызакъуэу щІыхуэхэр зыхуагъэгъуа псоми ехьэлІащ. Армыхъумэ, щІыхуэхэр зэрыхуагъэгъуу, ахэр зэбгрыжьжащ.

*«Аргументы и факты».*

# Хэт унафэ мыхъумыщІэр зейр

## е Сыт Кишинёв ди дипломатхэм къадигъуар?

**Молдавием телъыджэ къыщыхъуащ: абы и властхэм къалъытащ Урысейм и дипломатитхур я деж щыІэ мыхъуну. Абыхэм къэралыр ирагъэбгынащ. Апхуэдэ унафэм зэгуигъэпащ Урысейм и МИД-ри езы Молдовэм и президент Додон Игорь дыди. Пэжщ, пэжщ, фымыгъэщІагъуэ.**

- СЭ ИКЪУКІЭ сигъэгубжьащ молдавие дипломатием ича апхуэдэ лъэбакъуэ мыхъумыщІэм икІи жызоІэ ар сигу зэрытемыхуэр, - къыхигъэщхьэхуэкІащ Додон. - Абыхэм къагурыІуэркъым а зэхащІыхьам ди къэралыр зыхидзэну бэлыхьыр зыхуэдэр икІи Молдавиемрэ щІыхубэмрэ щытыкІэ дзыхьщІыгъуэджэ зэрырагъэувэр. Апхуэдэ лъэбакъуэ зычахэм къагъэлъэгъуа дрийпсыриигъэр лъэужьыншэу къэнэнукъым.

- Къэхуэар телъыджэщ, ауэ къызэхэкІар белджылыщ икІи ди дипломатхэм я лэжьыгъэм зыкІи кьехьэлІакъым. Абы Молдавием щекІуэкІхэр кІигъэлъагъуэ кІудейуэ араш, - жиІащ апхуэдэу Урысейм и МИД-м и лэжьакІуэ Захаровэ Марии.

УФ-м нэгъуэщІ къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карасин Григорий жиІащ: «Дэ абы хуэфащэн жэуапым дегупсысынущ икІи ар къэдгъуэтынущ».

Ар дауэ, фыщІэупщІэнщ фэ, ди дипломатхэр къарагъэкІыу Молдовэм и президентым имыдэмэ, щхьэ апхуэдэу ящІра? Къапщтэмэ, Додон «Урысейм ейуэ» къалъытэ, накъыгъэм и 9-м Москва щыІащ, Путиным бгъурыту ТекІуэныгъэм и парадым хэтащ. Урысейм иджы дыдэ хуит ищІащ Молдавием и шагъырыр ди деж къашэну... Абы щхьэкІи къэмынэу иджы, мис, ди дипломатхэр кьраугьэкІ.

Е езыхэм я «Негру де Пуркаре» шагъыр щІэрыІуэм Молдавием и властхэр ефэІуауэ ара, ящІэр ямыщІэжу?

КъызэрыщІэкІамкІэ, Іуэхур здэщыІэр Молдовэм и президентым унафэу ІэщІэлъ зэрыщымыІэрщ: власть псори зейр парламентымрэ правительствэмрэщ. Додон и ныкъуэкъуэгъуэху КъухьэпІэмкІэ еплъэкІхэр, Румынием и жыІэм щІэт националистхэр абы мызэмытІэу хуэдэльакІэщ, Урысеймрэ Европэмрэ тэмэму яхущытыным хуэунэтІа политикэ иригъэкІуэкІыну зэримурадыр къызэрыхуамыдэр къагъэлъагъуэу.

Арати, кьайхьулІащ...

Республикэм и президентыр-кьым, атІэ Молдовэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмрэ евроинтеграцэмкІэ и министерствэрщ Урысейм и дипломатхэр къигъэкІыным теухуа унафэр зэхэщІагъэ. Абы белджылыуэ зытращІыхьар къэралитІым я зэхущытыкІэхэр зэІигъэхьэныращ.

**ҐРИШИН Александр.**
*«Комсомольская правда»*

● Германие

# УлъаІуэмэ, уи жьэр убыд

**Инджылызыр Евросоюзым къыхэкІыжа нэужь, а зэгухьэныгъэм и бюджетыр 2020 гъэр къэсыхукІэ зыхуущІэнур къыздрахынур дэнэ? Абы егъэпІейтей европей къулыкъущІэхэр.**

ГАЗЕТХЭМ зэратхымкІэ, Берлин кьыщагъэтащ ар ядэІэныкъуну хуабжьу кьыщыгугъ къэрал щхьэхуэхэм ахъшэкІэ защІимыгъэкъуэн щхьэкІэ щхьэусыгъуэ ящІ хьунур. ФРГ-м и правительствэм къыхелъхьэ а къэралхэм мылъкуу хуаутІыпщыр зыхуэдизыр щаубзыхукІэ, ахэр «демократием и хабзэхэм» зэрытетыр къалъытэну. Апхуэдэу Іуэхум бгъэдыхьэмэ, япэ дыдэу хилъэфэнур Польшэмрэ Венгриемрэщ - абыхэм я правительствэхэм я унафэщІхэр Брюссель хуабжьу пэщІэтщ.

Мы жэрдэмыр къыхэзылъхьар ФРГ-м экономикэмкІэ и министерствэрщ. ІэщІагъэлІхэм къалъытэ Инджылызыр ЕС-м хэкІыжа иужь, зэгухьэныгъэм и бюджетыр зы илъэсым мелларди 10-м кьыщыщІэдзауэ 13-м нэс хущыщІэну. Евросоюзым щІыхуэ кьищтэ, ахъшэ гъэтІылъыгъэхэр ищІ зэрымыхъуэм къыхэкІыу, къэнэжьыр ІэмалитІщ: е мылъкур зэгъэзэхуэн е нэгъэщІ хэкІыпІэхэр къэгъуэтын. Абы щыгъуэми, КъухьэпІэ, Ищхъэрэ Европэм щыщ «донор» нэхъыщхьэхэр хуейкъым ахъшэ лей ягъэкІуэдыну.

Аращи, Будапештэр Варшавэрэ я жьэр яубыдын хуейщ, ЕС-м техъуащІыхьным и пэкІэ.

**ЗАВРОДИНЭ Екатеринэ.**
*«Российская газета».*

● Инджылыз

# Къулейхэр мэгужьей

**Урысейм иІэпхъуКІа къулеижьхэр гужьеящ. Хъыбар къэІуащ игъэІэпхъуэ мыхъу мылъкуу хьэрэмыгъэкІэ зыІэрагъэхьахэр абыхэм къытрахыну властхэр хуит ищІыну Инджылыз парламентым и мурад хуэдэу.**

БРИТАНИЕМ и парламентым мыгувэу къищтэну къыщІэкІынущ «Криминал финансэм я Іуэхуэ КІэ» законыр. Абы гъэзэщІакІуэ властым гъэгу иритынущ. А законыр къагъэсэбэпурэ, хабзэхъумэхэм Іэмал ягъэтынущ фунт минищэ нэхърэ нэхъ лъапІэ дэтхэнэ псэуалъэри къапщытэну. Псом япэрэуэ зрагъэщІэнущ офшор компаниехэм ейуэ ятха уардэунэхэр ипэжьыпІэкІэ зейр хэтми. ЛъапІэ дэгъуэр хабзэншагъэкІэ зэрагъэхьа ахъшэкІэ кьащэхуауэ сэтей кьащІмэ, ар занщІэу къытрахынуц. Абы къыдэкІуэу яубыд хъунущ дыщэжьэкІхэр, гъуазджэм и Іэдакъэщ Іэкіхэр, банк счётхэр. «ГуащІэшхуэ ирахьэІуэ зыІэрагъэхьа мылъкум» пагъэкІынкІэ хъунущ «цІыхуэ и хуитынигъэхэр кьызэрызэпаудам» кьыхэкІыуи. Дауи, ар Британием къаззэрыщІгурыІуэм хуэдэу.

Инджылызым и властхэм къэралым щыпсэуну хуит зыщІ тхылъхэр иратащ Урысейм иІэпхъуКІа цІыху къулейуэ щэ бжыгъэжэм. Ар нэхъ псынщІэу къыщыдэпхыфынур Британием и экономикэм инвестицІэ нэхъыбэ хэплъхьэмэщ. Газетхэм зэрэтащтхэмкІэ, ар фунт мелуани 10 хъумэ, апхуэдэ тхылъыр ильэситІ нэхъ дэмыкІыу къыпІэрыхьэнущ.

АрщхьэкІэ инджылыз куэд мы Іуэхум сакъыу бгъэдохьэ. Лейбористхэм я жьауэм щІэт я кабинетым къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министр Эббот Дианэ щэч къытрехьэ хабзэгъэувэ проектыр зэщІэгъэуІуа щІэпхъаджащІэ гупхэм игъэпхынкІэ зэрапащІэтым. Абы и псалъэхэм ятепщыхьмэ, Британием и хы адрыщІ щынальэхэм кьулейхэм Іэмал ират налогышхуэхэм зыпыІуадзынымкІэ, инджылыз банк инхэм зэпымыуу я кьэды ят, абыхэм ахъшэ «фІейхэр» «зэрагъэкъэбзэжьым» щхьэкІэ. Щхьэрылажьэ Іуэхущіапіэхэм кьызэратамкІэ, банк 17 кьулей ирихьуащ Урысейм хабзэншагъэкІэ ираша ахъшэм. 2010 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2014 гъэр хасьсыу Лондон ягъэкІуащ кьыздикІар мыгурыІуэгъуэ фэ ятха мелард 16. Эббот кьелъытэ а проектыр пхрызыпльэ консервативнэ партыр зыхуущІэкъуэр, корпущэм пэщІэтыныр мыхъуу, езым и политикэ мурадхэм ятещІыхьауэ Урысейр игъэпудыныр арауэ. Лондонрэ Инджылызым и адрей къалэхэмрэ лъапсэ лъапІэ щызиІэ урысейхэм чэнджэщ иратыну кьыщІэкІынущ Кремлым къытракъуэзну. Мурадыр зыхуэгъэзащ КъухьэпІэм Сириемрэ Украинэмрэ щылажьхэм ар зэран хуамыгъэхъунырщ. Абыхэм зэхэщІыкІыгъуэ гурагъэІуэнущ: арыншамэ, къызэращэхуа ахъшэр хьэрэмыгъэкІэ зыІэрагъэхьауэ жаІэу, Инджылыз щыІэ мылъкур трахыфынущ.

*«Мир новостей».*

● Лыхъужьым и Іуэху еплъыкІэ

# Ди «Іэщэ щэху» нэхъыщхьэ дыдэр

*Ди офицерхэм я псэукІэр куэдкІэ нэхъыкІэщ, эстрадэм и вагъуэхэм ейм нэхърэ. Сыт щхьэкІэ?*

**Лэжьапщэхэм ятеуха апхуэдэ упщІэхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мащІэкъым. Сыт, псалъэм и хьэтыркІэ, утыкум ит уэрэджыІакІуэхэм нэхърэ нэхъ мащІэ шахтёрхэм къыщІалэжьыр? Е профессорхэм? Абыхэм я лэжьыгъэм Урысейм и дежкІэ иІэ мыхъэнэр нэхъ цІыкІу?**

КЪЭРАЛЫМ езым и закъуэ зэфІихьэфынукъым мы Іуэхур. Апхуэдэу щыщІыткІэ, жьыларгъуэри къыхьихьэн хуейщ абы унафэ тещІыкІыным. Дэракъэ а вагъуэхэм я концертхэм дызэрыщІихьэну билетхэр къэзыщІэхур? Дэрац. АтІэ, телевизионхэмэ абыхэм я рейтингыр щыдэзыгъэуейр хэт? СМИ-хэм а вагъуэхэм егъэлеяуэ гулъытэшхуэ хуащІ, ахэр экранхэми, газетхэмрэ журналхэмрэ я напэкІуэцІхэми икІыкъым. Ауэ дапщэщ фэ фыщІрихьэлІар лІыгъэ зезыхьа офицерым теухуа нэтын цІыхуэхэр нэхъыбэ дыдэу телевизор щІелІ зэманым къыгъэлъагъуэ, абы и щІыхьыр яІэту? Хэкум тхьэрыІуэ хуэзыта, ар ихьэмуэрэ, ди шынагъуэншагъэр къызэригъэпэщурэ дэтхэнэ дакьикъэми хэкІуэдэнкІэ хьуну офицеыр.

Дэ псоми гугъу зедгъэхьын хуейщ, «щІыхь», «къалэн» псалъэхэм ди ГъащІэм бжьыпэр аргуэру щедгъэубыдыжьын папщІэ. Псом япэу - щІалэгъуалэм я деж. Сэ сыт щыгъуи си Гуапэу школхэм, институтхэм сокІуэ икІи абыхэм зэхэщІ Іэнатіэм теухуауэ сыкьыщопсалъэ *(Нефёдов Сергей ПІыхьужь щІэр фІащащ хьэрш техникэр зэригъэунэхуам папщІэ* - **Ред**). ЯжьзоІэ хьэрщым дунейпсо рекордхэр щызыгъэувар ди ІащІагъэлІхэр зэрыарар, космосым кІуэным ехьэлІа дэтхэнэ зы Іуэхуми зи уэныщагъэм, языныкъуэхэм дежи зи псэм емыблэж щІыху минхэм я лэжьыгъэр къызэрыдэтыр. Икіи соПъагъу ныбжьыщІэхэм я нэгуэзр нэхъ нэху зэрыкъур. Мис абдеж дыдэм языныкъуэхэм я акъылым нэсу къыщІэкІынущ, ахъшэр мыхъуу, нэхъыщхьэр уи ГъащІэр къэралым къыхуэщхьэпэ, удэзыхьэх лэжьыгъэм тебгуэныр зэрыарар. ЖысІэнщи, мы зэманым ныбжьыщІэ куэд дзэ институтхэм, училищэхэм, академиехэм щІотІысхьэ. Пэжщ, дзэм къулыкъу щызыщІэхэм, уэрэджыІакІуэхэм хуэдэу, мелуанэхэр къалэжьыркъым, уардзунэхэм щыпсэуркъым. Ауэ иджыпстуу ахэр къэралым сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей я гугъуэту егъэпсэу. 1990 гъэхэмрэ 2000 гъэхэм я пэщІэдзэмрэ еплъытмэ, уафэмрэ щІылъэмрэ зэрызэхуэмыдэм ещхьщ.

УэрэджыІакІуэхэмрэ артистхэмрэ мыхъуу, ди зауэлІхэм я псэукІэр нэгъуэщІ къэралхэм я дзэ къулыкъущІэхэм яйм едгъэпщэнти. Псалъэм и хьэтыркІэ, дзэ къулыкъущІэхэм Урысейм нэхърэ США-м нэхъыбэ къыщалэжь.

Ауэ мыбы нэгъуэщІи хэлъщ. Урыс офицеру е сэлэту ущытыныр игъащІэ лъандэрэ ди лъэпкъым и псэм хэлъщ. Ди зауэлІхэр сыт щыгъуи ихьэзыру щытащ Іэкум папщІэ я гъащІэр псом япэу ятыну. Зэи зыми Урысейр ихъумакъым ахъшэ щхьэкІэ. Арауэ къыщІэкІынщ дэ ди «Іэщэ щэху» нэхъыщхьэ дыдэр.

**НЕФЁДОВ Сергей,**
*Урысейм и ПІыхьужь.*
*«Аргументы и факты»*

● Ди гъунэгъуэм я деж

# Ахъшэ... щыІэкъым

**ЦІыхуищэм щигъу екІуэлІат Ставрополь крайм щыІэ Ипатовэ районым и Іэтащхьэм драгъэкІуэкІа зэІущІэм. ЦІыхуэхэр хуейт Первомайскэ жылэр Ипатовэ райцентрым пызыщІэ гъуэгу закъуэр щызэрагъэпэщыжынур зрагъэщІэну. ЦІыкІуэхэр автобускІэ школым зэрашэри, «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэр» сымаджэхэм зэралъэІэсри абыкІэщ.**

- ДЭ ЦИВИЛИЗАЦЭМ дыпэІэщІащ, ди деж «таксихэм» къэкІуэн ядэркъым, жылагъуэ транспортым и гугъу умыщІыхьи! Си къуэрылъхуэ хъыджэбз цІыкІур секцэм щыгъуэри, школ автобусым кьыкІэрыхуащ. Сабийр уэшх кьежэхым сыхьэтищкІэ хэтащ, дунейр зэрызэІыхьам и зэранкІэ жылагъуэ транспортыр зекІуэртэкъыми! - щыпІэм щыпсэу цІыхубзым и псалъэхэр къехъ Урысейпсо фронтым и пресс-Іэхуэщ1апІэм.

Къуажэдэхэм Урысейпсо цІыхубэ фронтым «ОНФ-м и Іуэгу картэ» и проектым напэкІуэцІ къыщыщІэуахащ. ГИБДД-м и лэжьакІуэхэр я ГъусэУ гъуэгум и щытыкІэр щапщытащ.

- Гъуэгум асфальт телъауэ пщІэжыркъым, кумбхэм метр ныкъуэ я кууагъщ! Апхуэдизу кьуажэдэхэр зыхуэныкъуэ гъуэгум илъэситІ хъуауэ цІыхуІэ еІусакъым. Дэ кьыджаІащ абы трагъэкІуэдэн ахъшэ ямыІэу, - къыхигъэщъхьэкІащ ОНФ-м и Іэщагъэлі Гридин Алексей.

Гъуэгур зэрагъэпэщыжыну зэрыльэІуам и жэуапу работ администрацэм щыжаІащ: мэкъуауэгъуэм щхьэфэр зэтес ящІыжынущ, арщхьэкІэ асфальт зэрытралъхьэн ахъшэ щыІэкъым. Ауэ районым и бюджетым ахъшэ кьыхэкІащ «иномарк» лъапІэ кьрыращэхуну. Мэлыжьыхьым Ипатовэ районым и администрацэм хэІуцІыу ищІащ BMW 520 автомобиль лъэпсэйр кьищэхуну зэрыхьэзырыр. Аукцион щыІакъым, лъэІу кьызэрамытам кьыхэкІыу. АрщхьэкІэ накъыгъэм и 16-м аргуэру хэІуцІыу ящІащ аукцион зэрызэхэтынур. Районым и Іэтащхьэ Савченкэ Сергей а автомашинэм хуейуэ кьыщІэкІынущ зи гугъу тщІы гъуэгум хуабжьу щызэримыдзэн папщІэ.

Техникэ тхылъым кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, автомашинэм тынышгъуэ псори иІэн икІи ар 2016 е 2017 гъэм кьыдагъэкІауэ щытын хуейщ.

ЖьитІэнщи, УФ-м и Правительствэм 2015 гъэм фокладэм и 2-м къыдигъэкІа Унафэ №927-м ипкъ иткІэ район администрацэм и Іэтащхьэр хуиткъым сом мелуан 1,5-рэ нэхъ-рэ нэхъ лъапІэ автомобиль кьищэхуну, арщхьэкІэ аукционым щагъэлъэгъуэнум сом мелуани 2,5-рэ и уасэщ.

**КЛИМОВ Виталий.**
*«Комсомольская правда»*

● Дунейм и щІыпІэ дахащэхэр



**Италием и Флоренце къалэ дахащэм и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Понте-Веккьо лъэмыжьыр. Ар дунейм нэхъ щыщІэрыІуэхэм хабжэ. Арно псым и нэхъ бгъуэлІэм дежа тралъхьа а лъэмыжьыр 1345 гъэм яухуащ, абы лъандэри и теплъэр ихъуэжакъым.**

**«Дыщэ лъэмыжьым» - аращ ар нэхъыбэу дунейм къызэрыщаціІыхур - и щІыІум дыщэхэкІ куэд щащэ, абыхэм щІэупщІэшхуэ щаІэщ къалэм зыплъэхьакІуэ кІуэхэм я деж. Пэжщ, ахэр куэдым ЕхахуэщхуркъыМ, уасэхэм зэрапэмыльэщым къыхэкІыу.**

# Китайр мелуанхэмкІэ щыуэу пІэрэ?

● Телъыджэ

**Мадисон щыІэ американ университетым и лэжьакІуэ, «Китай демограф» Фусян Ю зэрыжиІамкІэ, Китайр иджы щытыжькъым ЦІыху нэхъыбэ дыдэ щыпсэу къэралу. Абы къехь КНР-м и правительствэм къэралым ЦІыху къыщалъхум я бжыгъэр нэхъыбэу зэрытхам и щапхъэхэр. «Гардиан» газетым зэритхымкІэ, еджагъэшхуэм езым и къэхутэныгъэхэр хэІуцІыІу щищІащ Пекин щекІуэкІа конференцым.**

ЛЭЖЬЫГЪЭМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, иужьрей илъэс 26-м Китайм сабийуэ къыщалъхуар мелуан 90-кІэ нэхъ мащІэщ, властхэм къатахэм нэхърэ. ИкІи, абы тепщІыхьмэ, къэралым щыпсэур, КНР-м и правительствэм зэрыжиІэм хуэдэу, цІыху мелард 1,38-рэкъым, атІэ мелард 1,29-рэщ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, зи цІыхуэхэр мелард 1,32-м нэблэгъа Индием а бжыгъэмкІэ дунейм бжьыпэр щиубыдащ.

АрщхьэкІэ еджагъэшхуэм жиІэкэр зымыдэхэри щыІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Калифорние университетым щыщ демограф Фэн Вэн трегъэчныхьэ езым и цІыхуэхэр зэрыхъум теухуауэ къитахэм Китайм тІэкІу щІригъэгъуами, а бжыгъэхэм дунейм щыщыІэ щытыкІэм зэрызрамигъэхъуэжыр: зэщхьэщыкІыныгъэр апхуэдэу инкъым.

**БЕЛЯКОВ Иван.**
*«Российская газета»*

*НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

# Мурадым гъуэгу щигъуэт зэхыхьэ

Давыдов Къантемыр

Сурковэ Екатеринэ

Пщыукl Алинэ

**Илъэс зыбжанэ хъуауэ къызэрагъэпэщ «Мэшыкъуэ» Кавказ Ищхъэрэ щIалэгъуалэ форумыр экономикэм, политикэм, журналистикэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэм жыдэжру хэт ныбжьыщIэхэм я жэрдэмыр, хъуэпсапIэр гъащIэм хэпщэныжмкIэ хуабжьу щIэныкъуэгъуфIщ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэру КИФЩI-м щыIэм и аппаратым, Ставрополь крайм и Правительствэм, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуэ, ЩIалэгъуалэ Iуэхуэхэмкlэ федеральнэ агентствэм ар илъэс къэс къызыхуэтыншэу зэхеублэ. Зи ныбжьыр илъэс 18 - 29-хэм иту Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу куэдым я мурадым гъуэгу щигъэтащ а зэхыхьэм. Ди гуапэу абыхэм ящыщ зыбжанэ фыдогъэцIыхуу.**

***ПщыукI Алинэ** Бэтэх къуажэ щыщщ, УФ-м и Президентым и нэIэ щIэт РАНХи ГС-м и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм и 3-нэ курсым щоджэ*:

- Си насып хэрихьэкIри 2016 гъэм «Российская школа политики» социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ проектым сыхэтащ. Абы къызэщIиубыдат СНГ-мрэ Европэмрэ хыхьэ хъэралыгъуэхэм къикIауэ политикэр зыфIэгъэщIэгъуэн ныбжьыщIэ 30-м нэблагъэ. А Iуэхум сытригъэгушхуэщ, си щIэныгъэ унафэщI Чегановэ Верэ сыщIыгъуу «Северо-Кавказская школа молодых активистов» фIэщыгъэм щIэт проект стхыри, «Мэшыкъуэ» форумым егъэзыхьащ.

Проектым и кьалэн нэхъыщхьэр сэ щIэныгъэ щыззэгъэгъуэт университетым щеджэ щIалэгъуалэр щызэпсэлъэн, я Iуэху еплъыкIэкIэ щызэдэгъуэзэн утыку къызззгъэпэщыныр щ. Ар «Мэшыкъуэ» 2016-м» щыпхызгъэкIа иужькIэ, нэхъ жыдэжру студент 30 къыхэтхри, семинархэр, вебинархэр, мастер-классхэр яхуэзэхэтщащ. Ахэр мазэ къэс зэ хьэщIэ лъапIэхэм яIудгъащIэрт, псалъэмакъ гъэщIэгъэнхэр, абыхэм кьахэущхьэпэнуэхэр ядедгъэкIуэкIырт.

Студентхэм Iэмалыкфl яIащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Iуэхуэщ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ, «Гъунэгъум дэIэпыкъу» жылагъуэ зэгуфхэныгъэм и тхьэмадэ Сыжажэ Алим Iущ1ыну, зыгъэпIейтей уплщэхэмкIэ зыхуагъэзэну. Динхэм я зэхущытыкIэм дунейпсо политикэм щиубыд уВыпIэм, исЛъамым и лъабжьэр къыщежьэм, абы теухуа хъыбархэм, терроризмэм пащ1этыныжкIэ зэфIагъэкI лэжьыгъэхэм, нэгъуэщI куэдми тепсэлъыхьащ Сыжажэр.

Урысейм и Жылагъуэ палатэм хэт, УФ-м и Президентым и нэIэ щIэт РАНХи ГС-м и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм и унафэщI ЛIыуасэ Аэзмэт, КИФЩI-м щIалэгъуалэ политикэмкIэ щыIэ советым хэт, УФ-м и ЩIалэгъуалэ правительствэхэм я ассоциацэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэхэр зэзыгъэуIу Къэзанокъуэ Зураб сымэ, нэгъуэщIхэми яхуэзащ студентхэр. Лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэным и мыхьэнэр зэрыпIагъэм, щIалэныгъэ зэрытхэлъыпхъэм, щIалэгъуалэ политикэм, нэгъуэщIхэми я гугъу ящIащ абыхэм.

«Политикым хуэгъэза упщащэ» зэIуIцIэр езыгъэкIуэкIа Раздобудькэ Алексей щIалэгъуалэ политикэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, Iулъхьэм теухуа псалъэмакъ щхьэпэ иригъэкIуэкIащ.

Проектым и кIэухым ныбжьыщIэхэм бгъэдалъхьа щIэныгъэр кьапщытэжьнырэ «Северо-Кавказская школа молодых активистов» школыр къызэраухам и щыхьэт тхылъ Iэщ1алъхьэжьнущ.

*«ЩIалэгъуалэ жэрдэмхэр дэIыгъыныжкIэ фонд» фIэщыгъэм щIэт проект гъэщIэгъуэн игъэзащIащ* ***Курковэ Екатеринэ:***

- Къэбзэрдей-Балъкъэрым сыт щыгъуи зэфIэкI зиIэ щIэблэкIэ бейуэ щытщ. Нэгъуэщ1 щыналъэ куэдми хуэдэу, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ди щIалэгъуалэр республикэм йокI. Абы къыхэкIыу политикэм, бизнесым, щэнхабзэм, экономикэм къаруущIэу къыхихьэн хуейкэр къыдомэщIэкI.

ЩIалэгъуалэ жэрдэмхэр дэIыгъныжкIэ Iуэхуэщ1апIэ къызэдгъэпэщри, ныбжьыщIэхэм я мурадыр гъащIэм хапщэныжкIэ защIэдгъэкъуащ. Ди фондым чэнджэщ щагъуэтащ юристхэм, Iуэху пыухыкIахэмкIэ социальнэ тренерхэм я ущие хуэныкъуэхэм. Абы къыдэкIуэри курыт еджапIэр къэзыуххэмрэ къуажэдэс щIалэгъуалэмрэ захуэдгъаз эурэ депсэлъащ.

Илъэс 16 - 25-рэ хъухэращ проектым къызэщIиубыдар. Псори зэхэту а Iуэхур цIыху мини 4-м ялъэIэсащ.

«ЩIалэгъуалэ жэрдэмхэр дэIыгъныжкIэ фондыр» жылагъуэм я гъащIэр езыгъэфIэкIуэн жэрдэмхэм гъуэгу етыным тещIыхьащ.

*«Северо-Кавказская школа первой помощи и безопасности жизнедеятельности» Iуэхур* ***Давыдов Къантемыр*** *илъэс ещанэ хъуауэ егъэзащIэ. А проектым тIэунейрэ ахъшэ щыхухахащ «Мэшыкъуэ» зэхьхьэм:*

- ЩIалэгъуалэм ядэлажьэхэм, туризмэм, егъэджэныгъэм, псапащIэ Iуэхуэхэм хэтхэм я къэухым зегъэужьыным хуэгъэпсащ ар. А Iуэхум ипкъ иткIэ, цIыху зэмылIэужьыгъуэхэм япэ дэIэпыкъуныгъэ езытыфыну, гъащIэм шынагъуэншагъэ къыщIэзэрагъэпэщыфыну гущ1ыкIэхэзэрыпнущ. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэм ящыщу ар зыхуэзэфIэкIынуэр щагъасэ гупжьейхэр зэхэтшэнущ. ЗэрыхуэдгъэфащэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыщу проектым цIыху мин 12 къызэщIиубыдэнущ.

Проектым тету, илъэсым зэрыщIидзэрэ цIыху 350-м щIигъу дгъэсащ. Абыхэм яхэтщ муниципальнэ Iуэхуэщ1апIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэм и лэжьакIуэхэр, студентхэр. Егъэджэныгъэ дерсхэр езыгъэкIуэкIар Уэныншагъэр хъумэныжкIэ дунейпсо Iуэхуэщ1апIэм и Iэщ1агъэлI, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Неудахин Геннадийщ. Ирагъаджэ къудей мыхъуу, япэ дэIэпыкъуныгъэ цIыхум хуащIэфу зэрызрагъэсари къызэхуэсахэм ягъэлъэгъуащ. Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, машинэ зэжьэхэуэхэм хэкIуадэжьм ящыщ куэдым япэ дэIэпыкъуныгъэ и чэзум ягъуэтамэ, ахэр псэунут. Дыщогугъ зымащIэкIэ сэбэп дыхэлъну. Ди дерсхэм я фIыгъэкIэ зы цIыху гъащIэ нэхъ мыхъуми кьелмэ, ариехъулIэныгъэ къэтлъытэнущ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# «Шапсыгъ пщащэм» топсэлъыхь

**● Зэхыхьэхэр**

**ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм тхылъ еджэн зыфIэфIэхэм я зи чэзу зэхыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ адыгэ лъапкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ КIэрашэ Тембот и «Шапсыгъ пщащэ» повестым.**

ЗЭIУЩIЭР езыгъэкIуэкI, Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт ХьэщIыкIу Раисэ къызэхуэсахэм сэлам гуапэ яриха нэужь, ахэр щигъэгъуэзащ абы къыщIэтыну уплщIэхэр зытеухуауэ щытынур: адыгэлIымрэ адыгэшымрэ; тхыгъэм къыхэщ лIыхъужьхэр «адыгагъэ» жыхуэтIэ мардэм къызэритIасэр; адыгэ хабзэм кьиГъэув щытыкIэхэмрэ лIыхъужьым и мурадымрэ щызэтемыхуэм деж тхакIуэм къиГъэлъагъуэ хэкIыпIэхэр; нэхъыбэуи зэхыхьэр зытещIыхьауэ щытыр а псоми ныбжьыщIэхэр зэреплъ щыкIэхэрауэ зэрыщытым. Абы къыщыпсэльэну хуитт курыт школхэм я 9 - 11-нэ классхэм щIэс еджакIуэ цIыкIухэмрэ КъБКъУ-м и педагогикэ колледжым и студентхэмрэ. Къыжьыапхъэщ, Iуэхум хэтыну гупыж зыщIахэм нэмыщIи, еплъыну, едэIуэну сабий куэд къызэрыкIуар.

Еджакlуэхэм жэуап щатым гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэжьым ахэр тхылъыр зэрытха бзэм зэрыдихьахам, сыту жыпIэмэ щIэх-щIэхыурэ тхакIуэм и псалъэхэр кьагъэсэбэпырт, зэгъэкIуауэ, шэрыуэу зэрыпсэльэным яужь итхэт. Тхыгъэм къыхэщ образхэр щызэпкърахкIэ нэрылъагъу пщыхъурт ахэр хуабжьу ягу зэрыдыхьар, фIы дыдэу яцIыхуу щыта хуэдэ, хужаIэр яфIэмащIэт.

Нэм къыфIэнэрт Мэлбахьэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и хэкурыдж къудамэм и унафэщI Безыр Леонэ къызэригъэпэща «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ тхакIуэ» фIэщыгъэр зиIэ тхылъ гъэльэгъуэныгъэр. Абдеж щызэхуэхьэсат КIэрашэ Тембот и Iэдакъэщ1экIэр зэрыт тхылъхэр, газетхэр, журналхэр.

Зэлущ1эр зэхуэзыщIыжа, Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат жиIащ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр къызэригъэпэщкIэрэ Адыгэбзэ Хасэр къыдэкIуэтей щIэблэр адыгэбзэкIэ гупсысэу, а гупсысэри анэдэлъхубзэкIэ къаIуэтэфу егъэсэным, уэрэшэрыкIэ хабзэу адыгэхэм якьадекIуэкIыу щытари къыдихьыжу, абы хэлъ щхьэхэм ныбжьыщIэхэр щыгъэгъуэзэным зэрыхущIэкъуар. Мы зэхьхьэр Хасэми абы къьекIуэлIаэмкIи къайхьулIаэу жыпIэ хъунуи кьылыытащ абы. Дапэкlи зиубгъуну зэрыщыгугъри къыхигъэщащ. Жьыджэру зэлущIэм хэта еджакIуэхэми ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэми фIыщIэшхуэ яхуищIри, щытхъу тхылъхэр яритащ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

**● Зэпеуэ**

# Сурэтыщ1 ныбжьыщIэхэр зохьэзохуэ

**КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, щIыхуэхэр Iэнатlэхэмкlэ къызэгъэпэщыныжмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ «Лэжьыгъэр хъумэныр - сабийхэм я нэкIэ» зэпеуэр. Абы щагъэлъэгъуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгуэхьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуэм. КъБР-м и Къэралыгъуэм и мафхуэщхуэм, Щ1эныгъэм и мафхуэм теухуауэ щыIэкIуэхэм ящIа сурэтхэр.**

**● Щ1эблэ**

# ЛIыгъэм и дерс

**Тезырхэр егъэпшыныныжкIэ федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и «Вулкан» къудамэм и лэжьакIуэхэм «ЛIыгъэм и дерс» иратэкIуэкIащ Налшык къалэ дэт курыт школхэу №№9, 21-хэм я еджакIуэхэм папщIэ.**

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Зэбар Мадинэ** зэрыжиIащи, ОСН-м и лэжьакIуэхэм апхуэдэ Iуэхуэгъуэхэр зэпымыууэ ирагъэкIуэкI, мы зэми къаухеблэгъат школакIуэ 50-м щIигъу.

Зэлущ1эр щаублащ Iуэхущ1апIэм и пщ1антIэм дэт фэелпъым, КъБР-м и Уголовнэ-гъэзэщ1акIуэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэу зи кьалэн зыгъэзащIу хэкIуэдахэм хуагъэувам деж. УФСИН-м и унафэщIым и къуэдзэ, къэрал кIуэцI кIуныкъуэм и полковник **Кьанкъул Аслъэн** ныбжьыщIэхэр щигъэгъуэзащ фэепльыр зыхуагъэувахэм зэрахьа лIыгъэм.

Ныбжьыщ1эхэр къудамэм и хэщIапIэмкIэ яшэри, спецназхэм я кьежьапIэмрэ я кьалэнхэмрэ яхутепсэльыхьащ. Абыхэм ирагъэлъэгъуащ я лэжьакIуэхэу къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм саугъэтхэр къыщIэзыхьахэм я сурэтхэр, къудамэм и лэжьакIуэхэм зыщагъасэ, зыщапсыхь пэшыр.

Псом хуэмыдэу ныбжьыщIэхэм гъащIэгъуэн ящыхъуащ гъэр хуъахэр хуит къыщIыжьыным, бийм псынщIэу упэувын хуей хъумэ, зэфIэгъэкIыпхъэхэм ятеухуауэ ягъэлъэгъуахэр, Iэщ1эм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр, бэнэкIэ Iэмалхэр яхъэзрагъэсэбэпыр.

- Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр псом апэу зыхуэгъэпсар къыттщIэхъуэ щIэблэм дзэ-псэкупсэ гъэсэныгъэр яхэлъхьэныращ. Республикэм и еджапIэхэм дагуры Iуащи, мы Iуэхум зэгуСуэу долажь. Хэт ищIэрэ, ирилъэ зыбжанэ дэкIмэ, нобэрей «ЛIыгъэм и дерсым» хэтхэм ящыщ гъэр лэжьакIуэу кьытхьыхьэнкIэ мэхъу, - кьыхихгъэщащ Кьанкъул Аслъэн.

Хабзэ зэрыхъуауэ, губгъуэ пщэфIапIэм щагъэхьэзыра, Iугъуэмэ мащIэ кьызыхих ерыскъыу зыIуагъэхуа иужькIэ, хьэщIэхэм Iэмал ягъуэтащ БТР-м итIысхьэну, ар ныбжьыщIэхэм хуабжьу ягу ирихьащ.

Мы Iуэхум хэтахэм ящыщ Сидоренкэ Настя жиIащ и гум къыщыуша мурадыр - и балигъ гъащIэр ФСИН-м пищIэну зэрыхуейр.

ЕгъэджакIуэхэм УФСИН-м и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ гуапэу зэрырагъэблэгъам, гъэщIэгъуэн куэд зэраль эгъуам, щIэблэм хэкур фIыуэ яльэгъуныкIэ, лIыгъэ яхэльныкIэ щапхъэ я нэгу зэрыщIагъэкIам папщIэ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

***Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 10-рщ.***

# И лъабжьэм зыщагъэхъейркъым

**● Футбол**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым зи чэзу джэгуГуэр щекIуэкIащ. Абы турнир таблицэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ хилъхьакъым.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ пашэныгъэр щызыIыгъ «Автозапчасть»-р Прохладнэ кьалэм зыкIи гугъу щехьакъым. Абы хэгъэрейхэм я гъуэм жэуапыншэу топитку дигъэкIри, зи чэзу текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ. И Iуэхур щыIеякъым «Тэрчым» ХьэтIохъущкIуэй къуажэмми. Джылахъстэнейм икIахэм зы топ закъуэри яхурикъащ бысымхэм ефIэкIын папщIэ.

Хуэмурэ зыкъеужьыж пэщIэдзэ джэгугъуитхуми щытекIуа иужькIэ щэнейрэ хагъэщIа «Бедик»-м. Иджы ар ещанэ увыпIэм нэс дэкIуэтеижащ, тIэунейрэ зэкIэлъхьэужьу и хьэрхуэрэгъуэхэм очко щырыщ къафIихьри.

Турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэм зыми зыщигъэхъеякъым. «Родник»-ми, «Къундетеймм», «ХьэтIохъущкIуэйми», «ГорИс-179 Прохладнэми», «Жулдузми» я очко бжыгъэм зыри хагъэхъуэфакъым икIи «гупкIэм» къыпинащ. ТекIуэныгъэ зыIэрызыгъэхьар «Бахъсэным» и закъуэщ, арщхьэкIэ абыи зы увыпIэкIи зиIэтыфакъым.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм и Iыхьэ щ1анэм иГиГур зэфIэкIа пэтми, Прохладнэрэ Хьэсэнейрэ я командхэм я хьэрхуэрэгъуэхэр зэи хагъэщIэфакъым. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, ахэр гуп нэхъыщхьэм зэрыхагъэкIынур псынщIэ дыдэу наIуэ хъунущ.

Иджы щыгъуаз фыхэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и иужьрей джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. *Мис ахэр:* **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Союз»** (Сэрмакъ) - **2:5**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Велес-СДЮСШОР»** (Къэрэгъэш) - **2:3**, **«ГорИс-179 Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:6**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **2:4**, **«Нарт»** (Наркъалэ) - **«Керт»** (Къэхъун) - **1:0**, **«ХьэтIохъущкIуэй»** (ХьэтIохъущкIуэй) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **0:1**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **2:0**, **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **4:2**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Автозапчасть» | 11 | 10 | 1 | 0 | 59-5 | 31 |
| 2. «Тэрч» | 11 | 8 | 0 | 3 | 24-10 | 24 |
| 3. «Бедик» | 11 | 7 | 1 | 3 | 24-11 | 22 |
| 4. «Псыкуэд» | 11 | 6 | 3 | 2 | 26-17 | 21 |
| 5. «Нарт» | 11 | 6 | 2 | 3 | 27-15 | 20 |
| 6. «Союз» | 11 | 6 | 2 | 3 | 33-23 | 20 |
| 7. «Керт» | 11 | 5 | 3 | 3 | 27-18 | 18 |
| 8. «Псыгуэнсу» | 10 | 5 | 2 | 3 | 24-19 | 17 |
| 9. «ЛогоВАЗ» | 11 | 5 | 1 | 5 | 23-20 | 16 |
| 10. «Велес-СДЮСШОР» | 11 | 5 | 1 | 5 | 22-24 | 16 |
| 11. «Родник» | 11 | 3 | 3 | 5 | 18-24 | 12 |
| 12. «Къундетей» | 11 | 3 | 1 | 7 | 16-28 | 10 |
| 13. «ХьэтIохъущкIуэй» | 11 | 2 | 2 | 7 | 13-30 | 8 |
| 14. «Бахъсэн» | 11 | 2 | 1 | 8 | 15-40 | 7 |
| 15. «ГорИс-179» | 11 | 0 | 3 | 8 | 9-44 | 3 |
| 16. «Жулдуз» | 10 | 0 | 2 | 8 | 9-41 | 2 |

**● Аруан щIыналъэ**

# Къабзагъэм кIэлъоплъ

**Аруан щIынальэм и жылагъуэхэр ягъэхьабзэ.**

ПСЫГУЭНСУМ и уэрам нэхъыщхьэм, Лениным и цIэр зезыхьэм, ирикIуэу тет жыгхэр яухъуэнщIащ, ихын хуейуэ жьы дыдэ хъуахэр Iуахащ.

ЛэжьакIуэхэм зыхуей хуагъазэ уэздыгъэ лампIэхэри.

Къуажэ администрацэм, курыт школхэм, спорт Iуэхущ1апIэхэм я Iэгъуэблагъэхэр ягъэкъэбзэну къапэщIылъщ. Хабзэм кьемыззгъэ пхъэнкIий идзынIэхэм кьуажэм ущрихьэлIэркъыми, ари кьабзагъэмрэ узынщагъэмкIэ щхьэпэ Iуэхугъуэщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**● Гъуэзджэ**

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщ1 КIыщ Мухьэдин Испанием щыхуэзащ урыс уэрэджыIакIуэ телъыджэ Витас. *2007 гъэ*


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ1эныдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

**Езыгъэтхаэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныжмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщ1э дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редакторэу* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инн э** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* *корректорхэм я дзэпыкъуэгъуэу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и тепIэгъэ ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.723 ● Заказ №705**